



LAPÈS PÒSIN AFRIKEN



DEKLARE KOCHON MALAD YO
866-536-7593

Lapès Pòsin Afriken se yon viris ki afekte ni kochon domestik ni kochon sovaj yo. Li gaye byen rapid e li tiye majorite kochon ki genyen l yo. Yo pa t janm jwenn maladi sa a Ozetazini. Li pa yon menas pou sante moun. Li pa yon pwoblèm pou sekirite alimantè.

Moun kapab genyen lapès pòsin Afriken, men yo ka pote li sou rad, soulye, ak ekipman yo. Yon epidemi Ozetazini t ap gen gwo efè sou ekonomi endistri pòsin nan.

Ede nou kenbe kochon Ozetazini yo lwen maladi mòtèl sa a!

Konprann kòman viris la gaye, epi jwe patisyon pa w pou pwoteje kont li.

Plis enfòmasyon:
www.aphis.usda.gov


Lapès Pòsin Afriken

Konnen Siy yo ak Sentòm yo

Pa gen **ni tretman ni vaksen** pou lapès pòsin Afriken an. Pwoteje pak kochon w lan pandan w ap chèche konnen siy yo epi deklare touswit tout kochon ki malad yo.

Sa pou chèche

- Gwo lafyèv
- Pèt apeti
- Depresyon
- Feblès
- Po wouj, tache oswa lezyon po
- Vomisman
- Dyare
- Tous oswa difikilte pou respire
- Avòtman
- Lanmò sibit



Kòman Pou Deklare

Si kochon w lan montre youn nan siy sa yo, pote li touswit bay veterinè w la oswa pwofesyonèl sante pou bèt yo pou tès ak investigasyon nesèsè. Deteksyon rapid esansyèl pou anpeche lapès pòsin Afriken an gaye.